

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Panalungtikan kandaga kecap dasar barudak umur 2-3 taun nu dilaksanakeun di Dèsa Gandasari Kacamatan Katapang Kabupatèn Bandung ngahasilkeun sababaraha kacindekan ngeunaan kumaha kamampuh barudak dina ngawasa kandaga kecap dasar anu diujikeun. Aya 115 kandaga kecap anu diujikeun ka barudak kabagi jadi sababaraha jenis kandaga kecap dasar, nya èta (1) istilah pancakaki, (2) babagian awak, (3) kecap pagawèan, (4) kecap bilangan, (5) kecap sulur, (6) kecap sipat/kaayaan, jeung (7) ngaran barang-barang *universal*. Tina hasil analisis data nu diujikeun kapaluruh hal-hal saperti ieu di handap.

- (1) Kakumpulkeun 857 omongan budak dina hasil observasi jeung wawancara, nu satulunya èta omongan tèh *dirèduksi* dumasar KKD nu diujikeun. Jumlah omongan nu luyu jeung KKD aya 468 omongan.
- (2) Kasang tukang basa Répondèn ditangtukeun ku lingkungana, tingkat kognisi budak, jeung kahayang mikanyaho basa.
- (3) Jumlah kandaga kecap dasar barudak umur 2-3 taun nèmbongkeun *frekuènsi* kamampuh nu bèda-bèda.
- (4) Jumlah perséntase kandaga kecap pancakaki aya 30,45%, kalayan wincikan; Respondèn 1 (R1) nyangreb 7,83%, Respondèn 2 (R2) nyangreb 8,7%, Rèspondèn 3 (R3) nyangreb 7,83%, jeung Rèspondèn 4 (R4) nyangreb 6,09%.
- (5) Jumlah persèntase kandaga kecap babagian awak aya 58, 81%, kalayan wincikan; R1 12,73%, R2, 15,65%, R3 13,91%, jeung R4 16,52%.

- (6) Jumlah persentase kandaga kecap pagawèan aya 30,52%, kalayan wincikan R1 10,43%, R2 4,34%, R3 7,83%, jeung R4 7,83 %.
- (7) Jumlah persentasè kandaga kecap kaayaan warna aya 9,29%, kalayan wincikan; R1 1,73%, R2 0,87%, R3 0%, jeung R4 6,96%.
- (8) Jumlah persentase kandaga kecap bilangan aya 30,46%, kalayan wincikan; R1 7,83%, R2 9,57%, R3 3,49%, jeung 9,57%.
- (9) Jumlah persentase kandaga kecap sulur aya 15,65%. Kecap sulur gaganti tempat - *ieu* aya 77 kali, jeung kecap sulur gaganti jalma kahiji aya 45 kali.
- (10) Jumlah persentase kandaga kecap ngaran barang-barang *universal* aya 11,32%, kalayan wincikan; R1 2,61%, R2 2,61%, R3 2,61%, jeung R4 3,49%.
- (11) Jumlah warna kecap nu loba dikawasa ku budak nya éta kecap barang.
- (12) Unsur fonologis pikeun meunangkeun kecap basajan aya opat cara nya èta (1) ngaleungitkeun konsonan ahir lobana sakecap, 2) ngurangan konsonan lobana 7 kecap, (2) ngaleungitkeun engang nu teu dibèrè tekenan aya 21 kecap, jeung (3) ‘duplikasi’ aya 1 kecap.
- (13) Unsur fonologis dina ngucapkeun fonèm aya 10 pola nya èta, (1) pola /r/---/l/, (2) pola /u/---/o/, (3) pola /b/---/w/, (4) pola /r/---/ng/, (5) pola /l/---/n/, (6) pola /l/---/y/, (7) pola /eu/---/e/, (8) pola /d/---/l/, (9) pola /g/---/n/, jeung (10) /n/---/ny/.
- (14) Pikeun nyangking harti kecap barudak ngabalibirkeun sababaraha kecap jadi kecap sèjen. Ngabalibirna kecap disababkeun ku sababaraha cara, nya èta (1) padeukeut babagan kecapna aya 14 kecap, (2) sasaruaan sifat kecapna aya 12 kecap, (3) nuduhkeun hal nu tangtu aya 11 kecap, (4) budak teu ngarti kecap aya 4 kecap.

(15) Bahan dasar pikeun diajar barudak di *Play Group* nu luyu jeung SKKD nya éta kecap babagian awak. Tapi aya 3 kecap nu teu luyu jeung pola kurikulum PAUD nya éta kecap rarangan, bujur, jeung getih, antukna ieu kecap teu diasupkeun kana bahan dasar diajar.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekeun yén jumlah kandaga kecap dasar nu dikawasa ku barudak béda-béda, tiap budak boga perséntase kamampuh ngajawab séwang-séwangan.

5.2 Saran

Sarèngsèna ngayakeun panalungtikan ngeunaan kandaga kecap basa Sunda barudak umur 2-3 taun, aya sababaraha saran nu perlu diperhatikeun, nya èta:

(1) Keur panalungtik:

- Ieu panalungtikan leuwih museur kana kandaga kecap dasar barudak umur 2-3 taun, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan sèjen nu dina rentangan umur nu beda.
- Puseur kajian dina ieu panalungtikan nya èta kandaga kecap dasar nu ngawengku; istilah pancakaki, babagian awak, kecap pagawèan, kecap sipat/kaayaan warna, kecap bilangan, kecap sulur, jeung ngaran barang-barang *universal*, kukituna perlu dikaji deui puseur kajian tina jihat kandaga kecap dasar sèjena.
- Cara meunangkeun data ngaliwatan teknik observasi, wawancara, jeung sadap rèkam. Perlu diayakeun panalungtikan makè tèknik dokumèntasi, ngaliwatan gambar-gambar pikeun nyaho kumaha kamampuh budak dina nyangreb kekecapan dina gambar.

(2) Keur guru *Play Group/PAUD*

Hasil panalungtikan bisa dijadikeun dadasar dina nyusun bahan ajar, ku kituna guru kudu parigel waktu nepikeun bahan ajar sangkan budak gumbira, tur aktip.

(3) Keur kolot barudak

Salasahiji ‘aksiomatika’ pendidikan nya éta mekarna ‘aféksi’ budak tur kamampuh budak ancrub di lingkungan sosialna. Ieu hal bisa tinekanan lamun aya kasaregeman kolot dina cara ngatik. Ku kituna, dipiharep kolot bisa nangtukeun tur ngokolakeun pola atikan tur kamekaran budak.